

## Politik ak Pwosedi Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

<b>Sijè:</b> TELEFON AK SELILE ITILIZASYON TELEFON	<b>Anplwaye ki Afekte yo:</b> TOUT	<b>Politik #</b> HREW	<b>Rev.</b> 3
--	---------------------------------------	--------------------------	------------------

### **POLITIK**

Se politik Cleveland Clinic pou li bay oryantasyon sou itilizasyon apwopriye telefòn biznis ak sistèm mesajri vokal yo ansanm ak tou telefòn selilè yo ak lòt aparèy ki similè.

### **OBJEKTIF**

Cleveland Clinic konsidere telefòn ak sistèm mesajri vokal pou rezon biznis antanke yon lyen vital pou pasyan ak kominote nou yo. Pou rezon sa a, Cleveland Clinic dekouraje fè oswa resevwa apèl pèsonèl pandan lè travay yo swa sou telefòn lopital la posede oswa sou telefòn selilè pèsonèl. Politik sa a fèt nan objektif pou ofri yon anviwònman ansekirite nan zòn swen pasyan an pandan l ap evite entèferans ant telefòn selilè yo/radyo transmètè pòtab yo ak ekipman pasyan an nan entèdi itilizasyon telefòn selilè yo ak tout itilizasyon aparèy radyo transmisyon yo ki pa ijan nan zòn swen pasyan yo. Itilizasyon telefòn selilè nan zòn swen moun ki pa pasyan pral otorize selon diskresyon administrasyon depatmantal la.

Nan objektif politik sa a, tèm “telefòn selilè” defini antanke aparèy pòtab elektwonik ki ofri kapasite resevwa ak/oswa transmèt vwa, mesaj tèks oswa done san koneksyon kab (tankou men ki pa limite ak telefòn selilè, Telefòn Entelijan, tablèt, telefòn sanfil dijital, telefòn radyo, telefòn pedjè, PDA (personal digital assistants (asistan dijital pèsonèl)) ak kapasite kominikasyon san fil ki ka oswa ki ka pa genyen kapasite pou pran foto ak videyo.) Yo gendwa konsidere kòm telefòn selilè tou nenpòt aparèy ki gen kapasite pou antre an rezo ak yon founisè rezo prive pou jwenn enfòmasyon ak voye enfòmasyon sou entènèt.

### **SIPEVIZYON AK RESPONSABLITE**

Resous Zimèn responsab pou devlopman ak revize politik sa a epi pou detèmine, nan kolaborasyon ak administrasyon an, si te gen yon vyolasyon politik sa a ki te fèt. Administratè ak sipèvizè yo responsab pou aplike ak ranfòse politik lan nan depatman yo.


### **DISPOZISYON JENERAL**

#### **Apèl Telefòn Pèsonèl yo**

Alòske Cleveland Clinic konprann anplwaye yo gendwa peryodikman bezwen fè ak resevwa apèl telefonik pèsonèl pandan lè travay yo, apèl sa yo ak ekipman telefòn Cleveland Clinic epi ki anrapò ak zafè pèsonèl, pwoblèm ki pa ijan pandan lè travay yo ap deranje sikilasyon biznis nòmal lan epi ta dwe fòmèlman limite. Lè sa posib, apèl pèsonèl pandan lè travay yo ta dwe limite ak itilizasyon telefòn selilè pèsonèl yo nan espas ki pa gen travay ki otorize pandan poz anplwaye yo oswa lè manje yo.

#### **Mesajri Vokal**

Mesajri Vokal, tankou lòt konpozan sistèm telefòn Cleveland Clinic, la pou itilizasyon biznis. Tout mesaj yo se dosye konpayi a. Alòske modpas mesajri vokal yo la pou limite aksè an ak endividi otorize yo sèlman, anplwaye yo pa ta dwe gen atant vi prive nan koneksyon ak mesaj vokal yo epi ta dwe egzèsè diskresyon pwofesyonèl ak jijman lè y ap sèvi ak sistèm nan.

<b>Dat Efektif:</b> 02/01/2013 26/07/2013	<b>Dat Piblikasyon:</b> 01/03/1975	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Jill Patterson	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	1 sou 3
---	---------------------------------------	--	---	---------

## Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

<b>Sijè:</b> TELEFON AK SELILE ITILIZASYON TELEFON	<b>Anplwaye ki Afekte yo:</b> TOUT	<b>Politik #</b> HREW	<b>Rev.</b> 3
--	---------------------------------------	--------------------------	------------------

### Swivi Apèl Telefòn yo pou Sèvis Kliyantèl lan

Cleveland Clinic rezève tèt li dwa pou fè swivi apèl anplwaye yo pou asire yon nivo sèvis ki konfòm epi verifye enfòmasyon yo bay kliyan yo kòrèk. Anplwaye k ap travay nan depatman kote gen swivi telefòn pral resevwa enfòmasyon sou egzijans sa pandan pwosesis oryantasyon depatmantal yo an.

### Telefòn Selilè yo

Pandan yo nan travay, anplwaye yo gen egzijans pou egzèsè menm diskresyon an nan itilizasyon telefòn selilè yo menm jan yo fè l ak telefòn Cleveland Clinic yo. Eksè nan fè apèl sou telefòn pèsònèl pandan jou travay lan, kèlkeswa aparèy yo itilize a, ka entèfere ak pwodikтивite anplwaye a epi parèt yon distraksyon pou lòt moun. Anplwaye yo ta dwe limite apèl pèsònèl yo pandan lè travay lan, epi ta dwe sèvi ak telefòn selilè sèlman pandan poz ki pwograme yo oswa peryòd manje yo nan espas ki pa pou travay epi evite zòn swen pasyan yo lè sa posib. Aparèy telefòn selilè yo ta dwe sou mòd vibrasyon oswa silans lè yon anplwaye genyen li nan men li nan espas Cleveland Clinic pandan lè travay lan. Yo pa ta dwe reponn telefòn selilè yo pandan livrezon swen pasyan oswa kote li ka entèwonp responsablite travay chak jou yon anplwaye yo, sof nan kad apèl biznis ki ka gen yon enpak sou swen pasyan an.

Telefòn selilè Cleveland Clinic yo bay anplwaye yo ta dwe limite pou itilizasyon biznis sèlman oswa nan yon lòt ka ki konfòm ak politik Sekirite Enfòmasyon yo.


### Fotografi

Itilizasyon fonksyon imajri telefòn selilè yo (sa vle di kamera telefòn yo) entèdi nan espas Cleveland Clinic la eksepte lè gen otorizasyon ak apwobasyon pou yon biznis Cleveland Clinic fè sa. Yo pa ta dwe konsidere dispozisyon sa a pou anpeche anplwaye yo angaje yo nan aktivite NLRA pwoteje (sa vle di fotografi anplwaye ki angaje nan aktivite konsète nan lè ki pa gen travay nan espas ki pa espas travay).

### Itilizasyon Telefòn Selilè Pandan Ou ap Kondui

Anplwaye yo gen obligasyon pou familiarize epi konfòme yo ak lwa lokal yo pandan y ap sèvi ak yon telefòn selilè pandan y ap kondi yon machin. Yo rekòmande anpil pandan ou ap fè fonksyone yon konpayi a, oswa yon machin pèsònèl pandan egzekisyon biznis Cleveland Clinic, anplwaye yo dwe sèvi ak yon aparèy men lib lè y ap sèvi ak yon telefòn selilè, aparèy elektwonik kominikasyon oswa nenpòt lòt ekipman elektwonik. Sa dwe aplike pou aparèy ki pou konpayi a/ oswa li bay oswa aparèy anplwaye a.

Anplwaye yo dwe pran prekosyon pandan yo ap sèvi ak sèvis done sou telefòn selilè pandan yo ap kondi nan egzekisyon biznis Cleveland Clinic, epi yo dwe konfòme yo ak lwa eta epi lwa lokal yo ki aplikab ki entèdi kominikasyon tèks, imèl, oswa mesaj enstantane pandan ou ap kondi.

<b>Dat Efektif:</b> 02/01/2013 26/07/2013	<b>Dat Piblikasyon:</b> 01/03/1975	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Jill Patterson	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	2 sou 3
---	---------------------------------------	--	---	---------

## Politik ak Pwosedir Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

<b>Sijè:</b> TELEFON AK SELILÈ ITILIZASYON TELEFON	<b>Anplwaye ki Afekte yo:</b> TOUT	<b>Politik #</b> HREW	<b>Rev.</b> 3
--	---------------------------------------	--------------------------	------------------

### **APLIKASYON POLITIK LAN**

- Se informará de esta política a pacientes, visitas, proveedores, y contratistas mediante carteles yPasyan, envite, founisè ak kontraktè yo ap resevwa enfòmasyon sou politik sa yo nan pano ak bwochi yo.
- Tout nouvo anplwaye pral jwenn enfòmasyon sou politik sa a pandan oryantasyon nouvo anplwaye yo. Se pral responsablite chak departman pou enfòmasyon anplwaye aktyèl yo ak nenpòt founisè/kontraktè k ap travay nan departman yo sou politik lan.
- Pano atravè òganizasyon an pral endike zòn kote yo ka sèvi ak telefòn selilè yo. Pano ki entèdi itilizasyon telefòn selilè pral afiche nan zòn swen pasyan yo pou endike yo pa dwe itilize telefòn selilè epi yo dwe “etenn.”
- Yo pral enfòmasyon pasyan yo sou politik sa yo nan admisyon yo nan Cleveland Clinic. Zòn pasyan ak zòn ki pa pou pasyan yo pral gen enfòmasyon yo sou fòm pano.
- Komite Sekirite Anviwònman lan pral responsab pou ankèt ak revizyon tout ensidan ki enplike entèferans ki sispèk ak aparèy klinik yo akòz entèferans elektwomanyetik yo (EMI).
- Tout nouvo teknoloji selilè Cleveland Clinic bay ap pase yon tès ekip Teknik Klinik la avan yo distribye yo pou detèmine si li lakoz entèferans ak aparèy swen pasyan yo.
- Itilizasyon fonksyon imajri elektwonik telefòn selilè yo entèdi nan nenpòt espas travay Cleveland Clinic eksepte pou egzekite biznis ofisyèl Cleveland Clinic. Yo pa ta dwe entèprete dispozisyon sa a kòm yon entèdiksyon pou anplwaye angaje yo nan aktivite NLRA pwoteje yo.

### **Asèlman, Fwod oswa Aktivite Ilegal**


Cleveland Clinic entèdi itilizasyon telefòn li yo, telefòn selilè li yo ak sistèm mesajri vokal li yo nan objektif pou fè asèlman, fwod, oswa lòt aktivite ilegal. Vyolasyon politik sa a gendwa debouche sou aksyon korektif rive jiska revokasyon.

### **BIWO K AP PIBLIYE A**

Relasyon Anplwaye, Resous Zimèn

### **REFERANS POLITIK YO**

Aksyon Korektif  
Elektwonik ak Mesajri Vokal  
Non-Diskriminasyon, Asèlman, Vanjans  
Transpò ak Sèvis Flòt: Veyikil Flòt CCHS

<b>Dat Efektif:</b> 02/01/2013 26/07/2013	<b>Dat Publikasyon:</b> 01/03/1975	<b>Moun ki Prepare li a:</b> Jill Patterson	<b>Apwobasyon:</b>  J. Patrnochak	3 sou 3
---	---------------------------------------	--	---	---------